



KHUTBAH JUMAT BASA JAWI

TUMINDAK BECIK MARANG TONGGO

Hasan Abu Ayyub

(Pembina Yayasan Al-Furqon Lentera Umat)

www.alfurqonboyolali.org

KHUTBAH JUM'AT BASA JAWI

TUMINDAK BECIK MARANG TONGGO

Dening: Hasan Abu Ayyub

(Pembina Yayasan Al-Furqon Lentera Umat)

KHUTBAH I

الْحَمْدُ لِلَّهِ الَّذِي هَدَانَا سُبُلَ السَّلَامِ، وَأَفْهَمَنَا بِشَرِيْعَةِ النَّبِيِّ الْكَرِيمِ، أَشْهَدُ أَنْ لَا إِلَهَ إِلَّا اللَّهُ وَحْدَهُ لَا شَرِيكَ لَهُ، ذُو الْجَلَالِ وَالْإِكْرَامِ، وَأَشْهَدُ أَنَّ سَيِّدَنَا وَنَبِيَّنَا مُحَمَّدًا عَبْدُهُ وَرَسُولُهُ، اللَّهُمَّ صَلِّ وَسَلِّمْ وَبَارِكْ عَلَى سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ وَعَلَى آلِهِ وَأَصْحَابِهِ وَالتَّابِعِينَ بِإِحْسَانٍ إِلَى يَوْمِ الدِّينِ
أَمَّا بَعْدُ: فَيَا أَيُّهَا الْإِخْوَانُ، أَوْصِيكُمْ وَنَفْسِي بِتَقْوَى اللَّهِ وَطَاعَتِهِ لَعَلَّكُمْ تُفْلِحُونَ
قَالَ اللَّهُ تَعَالَى فِي الْقُرْآنِ الْكَرِيمِ: أَعُوذُ بِاللَّهِ مِنَ الشَّيْطَانِ الرَّجِيمِ، بِسْمِ اللَّهِ الرَّحْمَنِ الرَّحِيمِ: يَا أَيُّهَا الَّذِينَ آمَنُوا اتَّقُوا اللَّهَ وَقُولُوا قَوْلًا سَدِيدًا، يُصْلِحْ لَكُمْ أَعْمَالَكُمْ وَيَغْفِرْ لَكُمْ ذُنُوبَكُمْ وَمَنْ يُطِيعِ اللَّهَ وَرَسُولَهُ فَقَدْ فَازَ فَوْزًا عَظِيمًا وَقَالَ تَعَالَى يَا أَيُّهَا الَّذِينَ آمَنُوا اتَّقُوا اللَّهَ حَقَّ تَقَاتِهِ وَلَا تَمُوتُنَّ إِلَّا وَأَنْتُمْ مُسْلِمُونَ

Jama'ah shalat Jumat ingkang kula hormati

Inkang sepindah mangga kita tingkataken takwa dumateng Gusti Allah *Ta'ala* kanthi nglampahi sedanten dawuh-dawhipun ugi nebihi sedanten awisan-awisanipun. Amargi saking takwa kita badhe pikantuk rahmat lan kabejan gesang saking Gusti Allah *Azza wa Jalla* ing dalem gesang dunya ugi akhirat.

Shalawat sarta salam mugè tansah kaaturaken dumateng kanjeng Nabi Muhammad *shalallahu 'alaihi wasalam*, keluarganipun, para shahabat, ugi sinten kemawon ingkang nderek sunnah ugi pitedahipun henggga akhir zaman benjang.

Jama'ah shalat Jumat ingkang kula hormati

Wonten khutbah Jumat punika kita aturaken babagan kewajiban becik dumateng tonggo-tepalih. ngengiti sak punika kathah sanget kedadosan tindak ala dumateng tonggo-tepalih, enten tonggo ingkang padha ngina, padha mulasara, kepara enten ugi tetangga ingkang sami perjaya – pinerjaya. *Naudzubillahi mi dzalik.*

Jama'ah shalat Jumat ingkang kula hormati

Gusti Allah Ta'ala ing dalem kathah ayat majibaken becik kelawan tonggo – tepalih, antawesipun:

وَأَعْبُدُوا اللَّهَ وَلَا تُشْرِكُوا بِهِ شَيْئًا ۖ وَبِالْوَالِدَيْنِ إِحْسَانًا وَبِذِي الْقُرْبَىٰ وَالْيَتَامَىٰ وَالْمَسْكِينِ وَالْجَارِ ذِي الْقُرْبَىٰ
وَالْجَارِ الْجُنُبِ

“Lan utawi padha ngibadaho sira kabeh ing Gusti Allah lan aja gawe sekuton ing Gusti Allah kanthi sawiji-wiji apa bae, lan marang wong tua kaloro padha becikana, lan becikka uga marang sanak - sedulur, bocah – bocah yatim, wong – wong miskin, lan (becikka uga) marang tonggo – teparo kang cerak uga adoh.” (QS. An_Nisaa’: 36)

Ondening Rasulullah *shalallahu ‘alaihi wasalam* ugi paring ngendiko, kados kariwayataken denig ibunda Aisyah *radhiyallahu ‘anha*:

مَا زَالَ جِبْرِيلُ عَلَيْهِ السَّلَامُ يُوصِينِي بِالْجَارِ حَتَّى ظَنَنْتُ أَنَّهُ سَيُورِثُهُ

"Ora ana jeleh-jelehe Malaikat Jibril *'alaihissalam* dawuh (wasiat) ing ingsun supaya becik marang tonggo – teparo, nganti ingsun duwe panyana tonggo iku bisa marisi bandha." (HR. Bukhari 78, Kitab Al Adab. Muslim Kitab Al Birru Wash Shilatu wal Adab, hadits 140, Abu Daud bab. Adab no.123, Ahmad II / 85, dishahihkan oleh Al Albani dalam Al Irwa' 891)

Ing dalem hadits sanes kanjeng Nabi kepara nyebataken bilih becik marang tonggo niku setengah saking tandha – tandhane tiyang iman:

مَنْ كَانَ يُؤْمِنُ بِاللَّهِ وَالْيَوْمِ الْآخِرِ فَلْيُحْسِنِ إِلَى جَارِهِ

"Sapa sing (ngaku) iman marang Gusti Allah lan dina Kiyamat mangka becikka marang tonggo – teparone." (HR. Bukhari 78 kitabul Adab. Muslim Kitab Luqathah hadits no.14. Dishahihkan Al Albani, di dalam kitab Al Irwa 2525. Muslim kitab Al Luqathah, hadits 14)

Jama'ah shalat Jumat ingkang kula hormati

Ayat ugi hadits - hadits ing ngajeng cetha–trawaca menawi kita wajib becik marang tonggo – tepalih, kepara sinajan tonggo niku mboten mbecikki awak kita utawi tindak dzalim ing kita, sak lebetipun tumindhak dzalime tonggo mboten ngrusak awak ugi agami kita.

Dipun riwayataken saking shahabat Abu Hurairah *radhiyallahu ‘anhu*, piyambakipun ngendika:

جَاءَ رَجُلٌ إِلَى النَّبِيِّ صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ يَشْكُو جَارَهُ، فَقَالَ: أَذْهَبَ فَاصْبِرْ

“Sawijini pun shahabat sowan dumateng Kanjeng Nabi *shalallahu ‘alaihi wasalam*, nuli wadul babagan laku alane tangginipun. Daya-daya Kanjeng Nabi dawuh: “Balio mulih lan sabaro..!” (HR. Abu Dawud no.448, Dinilai hasan shahih oleh Syaikh Al Albani)

Jama'ah shalat Jumat ingkang kula hormati

Ondening seperangan saking contoh laku becik dumateng tonggo – tepaleh, inggih puniko: Nyopo - aruh, sabiyantu rikalanipun tanggi butuh bantuan wujud punapa kemawon, nuweni rikalanipun sakit, ngrumat jenazahipun menawi seda, nderek bungah menawi tanggi angsal kabungahan, nderek prihatin kala tanggi angsal musibah, mbales kesaenanipun kanthi luwih becik utawi ingkang serupa, mboten tindak ala lan aniyaya, saha sanes – sanesipun.

Jama'ah shalat Jumat ingkang kula hormati

Mekaten khutbah punika kula aturaken. Mugi-mugi kula panjenengan sami dipun paringi tambahan taufik dening Gusti Allah sahingga saged tansah laku becik utaminipun dumateng tonggo - tepaleh, sabar ing gangguanipun, saha saged nebihi laku ala ing tonggo. Aaamiin Yaa Rabb.

بَارَكَ اللَّهُ لِي وَلَكُمْ فِي الْقُرْآنِ الْعَظِيمِ وَنَفَعَنِي وَإِيَّاكُمْ بِمَا فِيهِ مِنَ الْآيَاتِ وَالذِّكْرِ الْحَكِيمِ. أَقُولُ قَوْلِي هَذَا

وَأَسْتَغْفِرُ اللَّهَ الْعَظِيمَ لِي وَلِسَائِرِ الْمُسْلِمِينَ فَاسْتَغْفِرُوهُ مِنْ كُلِّ ذَنْبٍ إِنَّهُ هُوَ الْغَفُورُ الرَّحِيمُ

KHUTBAH II

إِنَّ الْحَمْدَ لِلَّهِ نَحْمَدُهُ وَنَسْتَعِينُهُ وَنَسْتَغْفِرُهُ، وَنَعُوذُ بِاللَّهِ مِنْ شُرُورِ أَنْفُسِنَا وَمِنْ سَيِّئَاتِ أَعْمَالِنَا، مَنْ يَهْدِ اللَّهُ فَلَا مُضِلَّ لَهُ وَمَنْ يَضِلَّ فَلَا هَادِيَ لَهُ أَشْهَدُ أَنْ لَا إِلَهَ إِلَّا اللَّهُ وَحْدَهُ لَا شَرِيكَ لَهُ، وَأَشْهَدُ أَنَّ سَيِّدَنَا مُحَمَّدًا عَبْدُهُ وَرَسُولُهُ

أَمَّا بَعْدُ، فَيَا أَيُّهَا الْمُسْلِمُونَ، أُوصِيكُمْ وَنَفْسِي بِتَقْوَى اللَّهِ الْعَلِيِّ الْعَظِيمِ فَاتَّقُوهُ، وَاعْلَمُوا أَنَّ اللَّهَ أَمَرَكُمْ بِأَمْرِ عَظِيمٍ، أَمَرَكُمْ بِالصَّلَاةِ وَالسَّلَامِ عَلَى نَبِيِّهِ الْكَرِيمِ فَقَالَ: إِنَّ اللَّهَ وَمَلَائِكَتَهُ يُصَلُّونَ عَلَى النَّبِيِّ يَا أَيُّهَا الَّذِينَ آمَنُوا صَلُّوا عَلَيْهِ وَسَلِّمُوا تَسْلِيمًا

اللَّهُمَّ صَلِّ عَلَى سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ وَعَلَى آلِهِ وَصَحْبِهِ أَجْمَعِينَ

KHUTBAH JUM'AT

Kunjungi www.alfurqonboyolali.org

dan dapatkan materi-materi khutbah lainnya

اللَّهُمَّ اغْفِرْ لِلْمُسْلِمِينَ وَالْمُسْلِمَاتِ وَالْمُؤْمِنِينَ وَالْمُؤْمِنَاتِ الْأَحْيَاءِ مِنْهُمْ وَالْأَمْوَاتِ
اللَّهُمَّ أَعِزِّ الْإِسْلَامَ وَالْمُسْلِمِينَ وَأَذِلَّ الشِّرْكَ وَالْمَشْرِكِينَ
رَبَّنَا آتِنَا فِي الدُّنْيَا حَسَنَةً وَفِي الْآخِرَةِ حَسَنَةً وَقِنَا عَذَابَ النَّارِ.
عِبَادَ اللَّهِ.... إِنَّ اللَّهَ يَأْمُرُ بِالْعَدْلِ وَالْإِحْسَانِ وَإِيتَاءِ ذِي الْقُرْبَىٰ وَيَنْهَىٰ عَنِ الْفَحْشَاءِ وَالْمُنْكَرِ وَلَذِكْرُ اللَّهِ
أَكْبَرُ